

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°03 YO KU WA GATATU IGENEKEREZO RYA 02 NTVARANTE 2022

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 02 Ntwarante 2022, i Gitega, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Imbere yo gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa, Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu yaramenyeshye ko ashimishwa n'ingingo yafashwe n'ishirahamwe ry'ibihugu vya Bulaya yo gukura ibihano ku Burundi, iyo ikaba ari intsinzi kuri Reta no ku Barundi bose.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama nteguza y'iyi nama nshikiranganji yarongoye kw'igenekerezo rya 24 Ruhuhuma 2022, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Imbere yo gushikiriza ico cegeranyo, kw'izina rya Reta, Umushikiranganji wa Mbere yarakeje Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ku ngendo yahoramwo be n'ivyavuyemwo, amwipfuriza ko Imana yobandanya kumuhangaza muri ayo mabanga.

Umushikiranganji wa Mbere ahejeje gushikiriza icegeranyo Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, ivyihwejwe ni ibi bikurikira::

1. Integuro y'Umugambi wo gutunganya neza ibijanye n'imishahara mu buzi bwa Reta, yashikirijwe n'Umushikiranganji w'Abakozi ba Reta n'Akazi.

Isuzumwa ryakozwe mu bijanye n'ingene Abakozi ba Reta bahembwa ryarerekanye ko hari ubusumbasumbane, nabwo bukaba buva kuri ibi bikurikira :

- Uburusho bunyuranye buhabwa imirwi imw'imwe y'abakozi kandi kenshi butisunga Ibwirizwa rigenga Abakozi ba Reta

- Imishahara minini minini y'ifatiro ihabwa imirwi imw'imwe y'abakozi kuva bagitangura akazi
- Ibisata bikukira Reta vyishingira imishahara y'abakozi bavyo vyisunze ububasha vyahawe bwo kwitunganiriza ivy'intwano n'ibigega
- Ivyo vyatumye haba imyidogo myinshi mu bakozi ba Reta bica bituma badahengeshanya gusaba ko nabo nyene botunganirizwa ntihabe umwana n'ikinono.

Nico catumye Reta ifata ingingo yo gushiraho umugambi wo gutunganya neza ibijanye n'imishahara, kugirango itorere inyishu irama ico kibazo.

Mu gutegura uyu mugambi, intumbero ni ugukuraho ubwo busumbasumbane, be rero no guherekeza imigambi yindi Reta yamaze kwemeza.

Nkako, uyu mugambi ushingiye ku wundi wemejwe mu mwaka w'2014 ujanye no gufatira ku vyo umukozi wa Reta yaranguye, be rero no k'ukugene ubuzi bwa Reta, amabanga be n'imyuga bigenda bisumbasumbana nk'uko bitegekanijwe muri wa Mugambi w'Igihugu wo gutunganya gushasha ubuzi bwa Reta.

Uwo mugambi wo kugabanya ubwo busumbasumbane mu mishahara uriko ushirwa mu ngiro kuva mu mwaka w'2016

Iyi nteguro yari yarihwejwe n'inama nshikiranganji kw'igenekerezo rya 07 mukakaro 2021, bimwe bimwe bikuru bikuru mu vyari vyashikirijwe bikaba ari ibi bikurikira:

- Iyi nteguro ntiyerekana igitigiri c'abamaze gutunganirizwa mu bijanye n'igabanywa ry'ubusumbasumbane bw'imishahara, n'amahera baronse ingene angana,
- Ntiherekanwa icafatiweko mu guharurira ku manota « 45 » kandi ntiyumvikanyweko,
- Ni ukubandanya gufatira ku manota « 28 » kuko « 45 » yotuma abamaze gushika mu mushahara wo hejuru baca babandanya baduga bagasiga abandi ;
- Ishirwa mu giro ry'uwu mugambi ryokwisunga amahera yategekanijwe mu yo Reta izokoresha muri ico gikorwa, ni ukuvuga imiliyaridi mironko itatu na zine (34) zizofasha abagifise imishahara yo hasi kuduzwa ;
- Hokwerekanwa imishahara yo mu bushikiranganji bwose kuko ubu haboneka iyo mu bisata bimwe bimwe gusa.

Iyo nteguro yashikirijwe, irerekana inyishu zagiye ziratangwa kuri ayo makenga yari yashikirijwe.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, yarashimye ingene yahinyanyuwe, be n'inyishu zatanzwe ku bibazo vyari vyashikirijwe, ica **irayemeza**, ivyashikirijwe navyo bikaba ari ibi bikurikira :

- Mu guharura amahera, bofatira ku manota 45 kuko bafatiye kuri 28, umushahara ku bakozi bamwe bamwe woca ugabanuka;
- Amahera yategekanijwe mw'ishirwa mu ngiro ry'uwo mugambi agera ku miliyaridi ijana na mirongo ibiri na zitanu (125) azokoresha mu kiringo c'imyaka cumi. Ayangana na miliyaridi cumi na zibiri n'igice (12,5) niyo azokoresha ku mwaka ku mwaka mu kiringo c'imyaka icenda, bigashoboka ko ashobora kwongerezwa bivanye n'ingene ikigega ca Reta kizozza kiraronka uburyo;
- Ku bijanye n'amahera angana na miliyaridi mirongo itatu na zine (34) yategekanywa gukoreshwa muri uyu mwaka, hazokoresha mirongo ibiri na zitanu (25), icenda (9) zisigaye, zizokwongerezweko mu mwaka uza;
- Uyu mugambi urakeneye kumenyekanishwa kugira ngo abo werekeye bawutahure hongere herekanwe akarusho wagize kubo umaze gutunganiriza.

2. Intunganyo y'imigambi yo mu bushikiranganji bw'indero n'ubushakashatsi, yashikirijwe n'umushikiranganji w'indero n'ubushakashatsi.

Kuva mu mwaka w'2018, Uburundi bwashizeho umugambi w'igihugu w'iterambere, ukaba ushira igisata c'indero mu biza imbere y'ibindi.

Mw'ishirwa mu ngiro ry'uwo mugambi w'ifatiro rero, ubwo bushikiranganji bushaka gushiraho intunganyo y'imigambi buzorangura.

Iyo ntunganyo yakozwe hafatiwe ku bibazo vyibonekeza bikeneye gutorerwa umuti muri ico gisata, hafatiwe kandi no ku bisanzwe bihari vyofasha mu kugiteza imbere.

Iyi ntunganyo irerekana ibikorwa bazorangurwa n'ibizozza birashirwa imbere y'ibindi, ku mwaka ku mwaka.

Irerekana kandi n'ingene uburyo bwo kuyishira mu ngiro buzoronderwa.

Ishirwa mu ngiro ryayo rizosaba uburyo bugera ku miliyaridi igihumbi n'amajana indwi na mirongo icenda (1790) zirenga gato.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo ntunganyo, **yarayemeje**, ivyashikirijwe bikaba ari ibi bikurikira:

- Ubwo bushikiranganji bwamye buza buratandukanywa kenshi, bigaca bituma urukurikirane rw'ivyigwa bitangwa mu mashule y'intango, ayisumbuye na kaminuza bisa n'uko ataho bihurira ;
- Mw'itegurwa ry'ivyigwa bitangwa mw'ishule nshingiro, inyuma y'ishule nshingiro na kaminuza, boraba neza ko bifise aho bifatanira ;
- Hoba akigoro amashule akagira ishusho ryiza haba mu bijanye no kuyaronsa intebe abanyeshule bicarako canke kuyasanura;
- Ubuhinga bwa none ngurukanabumenyi bwokwiragizwa kugeza ku rwego rw'Ubuyobozi bw'indero muri Komine;
- Kubera ihangiro rya Reta ari guteza imbere inyigisho z'ubuhinga, ivyigwa vyotegurwa neza bikaba ibizomara ikiringo ntibize birahindagurika kenshi ;
- Mu kwigisha, hoshimikirwa cane ku nyigisho-ngiro (pratique) kugirango haboneke abahinga bashobora guhiganwa n'abandi mu buzi ;
- Birakenewe guteza imbere ubushakashatsi, mu kugwiza ibigo bukorerwamwo no mu gihugu hagati ;
- Ni gukora ibishoboka Kaminuza ikaba igisata-mpanuzi ubushikiranganji bwose bushobora kwikorako mu bisata bujejwe ;
- Kwisunga inyigisho za kera zerekanye ko zifise akanovera mukuziroranisha n'iz'ubu.

3. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano ajanye n'uburyo buzofasha mu kurwanya ikiza koronavirusi mu Burundi bwatanzwe n'ishirahamwe mpuzamakungu rijejwe iterambere, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu no kurwanya Sida.

Reta y'Uburundi yararonkejwe uburyo bungana na miliyoni zitanu z'amadolari y'abanyamerika bwari bugenewe gufasha mu kurwanya ikiza koronavirusi mu kiringo c'amezi cumi n'abiri kuva muri Mukakaro 2020 gushika mu mpera z'ukwezi kwa Ruheshi 2021, ariko ico kiringo carabandanije gushika mu mpera z'ukwezi kwa Nyakanga 2021. Hararanguwe vyinshi nko mu kugura imiti canke ibindi bikoresho bifasha mu guhema, be n'ibindi bikoresho vyo kwikingira ico kiza.

Kubera ko ibikorwa vyari vyategekanijwe bitashoboye kurangurwa vyose kubera uburyo bwabaye buke bitumwe no kuzimba kw'ibikoresho vyo kwa muganga , bivanye kandi n'intunganyo nshasha yo kurwanya ico kiza yemejwe muri Nyakanga 2021 irimwo n'urucanco, Reta y'Uburundi yarasavye Ibanki y'isi yose uburyo bwiyongera kuri ubwo bwari bwaratanzwe, kugirango ibandanye ihangana n'ico kiza.

Ibanki y'isi yose yaremeye gutanga uburyo bungana na miliyoni mirongi itandatu (60) z'amadolari y'Abanyamerika.

Ubwo buryo rero buzofasha mu kurwanya ikiza koronavirusi haba mu kurondera incanco canke ibindi bikoresho bikenewe mu gupima no kuvura iyo ngwara.

Ubwo buryo buzofasha kandi mu kugura rusehabaniha mirongo itanu (50), iradiyo mirongo itatu (30) zo gupima abarwayi zigenewe ibitaro vy'ama komine, ibitanda cumi cumi ku bitaro vya Komine, n'ibindi.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, ica isaba ko hokwama hari imigambi iteguye mu bushikiranganji butandukanye ica ishikirizwa mu gihe habonetse uwushaka gushigikira muri iki gisata canke kiriya.

4. Integuro y'itegeko rishinga ingene hakorwa urutonde rw'abantu mu Burundi hisunzwe ingene babayeho, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira.

Inyuma y'ishirwaho ry'ibwirizwa rigenga ingene abantu bategekanirizwa kazoza mu Burundi, harateguwe amategeko atari make aza kurishira mu ngiro. Iyi nteguro ishikirijwe nayo nyene, ije muri iyo ntumbero.

Urwo rutonde rw'abantu mu Burundi ruzoguma ruhindagurika, kuko ruzokorwa hisunzwe ukugene abantu babayeho kandi bigakorwa ku mugaragaro atawukingiwe ikibaba, kugirango abakene na ba ntahonikora bashobore gushigikirwa. Igituma ruzoza rurahinduka ni uko ingene abantu babayeho bihindagurika.

Iyo migambi izofasha kubashigikira izoba ari iya Reta, abafashanya na Reta mu migambi y'iterambere be n'amashirahamwe ategamiye Reta afise ishaka ryo guhindura ingene ba ntahonikora n'abakene babayeho.

Ishirwaho ry'urwo rutonde rifise akamaro kanini kuko:

- Bizofasha kumeyna ibitigiri vy'imiryango ikenye, gurtyo vyorohe kuyishigikira
- Imigambi ifise intumbero yo gufasha ba ntahonikora n'abakene izoheza imenyekane, ntihagire iyaza irinjiranamwo ;
- Bizokworoha gutegura imigambi ifasha ba ntahonikora n'abakene hisunzwe ivyo iyo miryango ikeneye gusumba ibindi ;
- Bizokworoha gukurikiranira hafi abariko bakorerwa muri iyo migambi ;

- Bizokworoha kubona abakenye gusumba abandi be n'ivyo bofashwamwo ;
- Bishitse hagakenyerwa gufasha ku buryo bwihuta, bizokworoha .

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, mu vyo yashikirijwe hakaba harimwo ibi bikurikira:

- Kwandika ukundi umutwe w'iyi nteguro, kugirango urorane n'ibiri muri yo;
- Gutomora ko icicaro c'igisata kizoba kijejwe ibijanye n'urwo rutonde kizoba kiri i Gitega ;
- Gukura muri iyi nteguro ivy'ido n'ido kuri ico gisata kuko bizoya mw'itegeko rigitunganya;
- Gusubiramwo itegeko ritunganya ubushikiranganji kugirango ico gisata cinjizwe mu bikukira ubwo bushikiranganji;
- Gutunganya urwo rutonde hakoreshejwe ubuhinga bwa none ngurukanabumenyi;
- Gutomora ko urwo rutonde ruzoba rwerekeye Abarundi bose ariko bagatondekwa mu migwi hisunzwe amikoro y'umw'umwe;
- Kwisunga ibizova muri rusansuma iriko irategurwa;
- Kwerekana abagize inzego zizokurikiranira hafi urwo rutonde .

5. Amasezerano yiyongera ku masezerano nyafrika y'agateka ka zina muntu yerekeye agateka k'abagendana ubumuga

6. Amasezerano yiyongera ku masezerano nyafrika y'agateka ka zina muntu yerekeye agateka k'abageze mu za bukuru

Izo nteguro uko ari zibiri zashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira.

Umuryango w'ubumwe bw'Afrika wamye urajwe ishingira n'uko ata ngingo zihari zikingira agateka k'abagendana ubumuga.

Wari ufise amakenga cane cane ku gukumirwa kwabo no guhohoterwa, be n'ingaruka z'ubundi bubisha bakorerwa, ukaba wipfuzaga kubakingira be n'imiryango yabo. Ivyo nivyonyo vyatumye hategurwa aya masezerano .

Aya masezerano yemeza ko uwugendana ubumuga ari umuntu afise agahaze, haba ku mubiri, mu bwenge canke mu mutwe, bituma abangamirwa mu kibano ntabwo ko angana n'abandi .

Ku bijanye n'amasezerano yerekeye agateka k'abageze mu za bukuru, yemejwe n'inama igira mirongo ibiri na gatandatu y'Abakuru b'Ibihugu vya Afrika

yabereye i Addis-Abeba mu gihugu ca Etiyopiya, kw'igenekerezo rya 31 Nzero 2016.

Iciyumviro co kugira ayo masezerano cavutse aho bibonekeye ko abantu bageze mu za bukuru bakumirwa kandi ntibitabweho n'inzezo za Reta.

Aya masezerano rero ni intambwe nini mu ngingo zafashwe n'amakungu kugirango harwanywe ikumirwa ry'abantu bageze mu zabukuru.

Uburundi bwemeje aya masezerano, bizofasha kwitaho kuruta abageze mu za bukuru haba mu bijanye n'imibano, ubutunzi canke amagara yabo.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza izo nteguro zibiri, **yarazemeje**, ariko ica isaba ko mu mvo n'imvano zazo hari ibice bimwe bimwe bisa n'ivyerekana ko abagenda ubumuga canke abageze mu zabukuru bafatwa nabi canke bagakumirwa aha mu Burundi. Ivyo rero vyokwandikwa neza kuko Uburundi bwemeje aya masezerano kugirango bukinge ingorane zishobora gushikira abantu bari muri iyo mirwi ibiri, kuko mu Burundi muri rusangi abo bantu barubahirizwa.

7. Integuro y'umugambi w'igihugu ujanye no gutegekaniriza impanuka n'ingene uzoshirwa mu ngiro, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Mu mwaka w' 2017, Igisata kijejwe gukurikirana no kugenzura amashirahamwe ajejwe gutegekaniriza impanuka yarashizeho indinganizo itanga intumbero y'ibizorangurwa kugirango gishike ku mahangiro yaco gushika mu mwaka w' 2022.

Ni muri iyo ntumbero haciye havuka icyumviro co gutegura umugambi w'igihugu ujanye no gutegekaniriza impanuka .

N'Umugambi w'Igihugu w'iterambere uratanga intumbero nyamukuru ku bijanye no guteza imbere ubutunzi n' igisata co gutegekaniriza impanuka kirimwo, ivyo bigaca bisaba ko hajaho politike itomoye kugirango izo ntumbero zishobore gushirwa mu ngiro.

Uwu mugambi wateguwe muri iyo ntumbero.

Ihangiro ryawo ni kugirango igisata co gutegekaniriza impanuka gitere imbere , kije ku rwego mpuzamakungu, gurtyo giterere mw'iterambere ry'ubutunzi no kurwanya ubukene.

Urutanga inyishu ku ngorane zihari, izo nyishu nazo zikaba zifataye ku ntumbero zikurikira:

- 1) Gukomeza no guteza imbere igisata co gutegekaniriza impanuka;
- 2) Gutunganya neza amashirahamwe ajejwe gutegekaniriza impanuka ;
- 3) Gukomeza icungerwa n'ikurikiranwa ry'amashirahamwe ajejwe gutegekaniriza impanuka ;
- 4) Kwinjira mw'isoko ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubusuruko mu bijanye no gutegekaniriza impanuka.

Inama nshikiranganji imaze guhanahana ivyiyumviro kuri icyo nteguro y'umugambi, **yarayemeje** ibanje kuyitosora mu duce tumwe tumwe.

Inama nshikiranganji yaboneyeho akaryo ko kunegura ingendo amashirahamwe amwe amwe ategekaniriza impanuka, yihaye mu kujuragiza mu ma Sentare abo bategerezwa gushumbusha, aho kubutunganyiriza bagasigara bahangana n'abakoze amakosa. Ni ingendo itegerezwa gutuzwa.

Inama nshikiranganji yasavye kandi ko amashirahamwe ategekaniriza impanuka yoza arisunga ibikorwa mu bindi bihugu, kugirango aze arazana bishasha mu ntumbero yo gutera imbere.

8. Integuro y'itegeko ry'Umushikiranganji wa mbere rishinga rikongera rigatunganya umugwi ujejwe kwihweza amatati yose yerekeye amakori n'amatagisi atozwa mu gihugu hagati n'ayandi mahera atozwa atari amakori, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Ibwirizwa ryerekeye ingene amakori atozwa niryo ritegekanya uwo mugwi.

Mu ngingo ya ryo ya 78, iryo bwirizwa rivuga ko umushikiranganji w'ikigega ca Reta ashiraho itegeko rishira mu ngiro iryo bwirizwa, rikongera rigaha uwuri muri uwo mugwi ikiringo c'imyaka ibiri c'ibikorwa gishibora kwongerwa, be n'agashirukabute ku kwezi ku kwezi.

Ariko kuva ibwirizwa rishinga amahera Reta iriko irakoresha muri uyu mwaka w'2021 ushira uwa 2022 rigiyeho, ako gashirukabute karahagaze, kuko ingingo ya 49 y'iryo bwirizwa ivuga ko "udushirukabute turonswa imirwi y'abahinga ishizweho kugirango irangure igikorwa kitarenza amezi abiri duhagaritswe, kiretse iyishizweho n'itegeko ry'Umushikiranganji wa Mbere canke iry'Umukuru w'Igihugu".

Ariko agashirukabute gahabwa uwo mugwi ntikategerezwa kwerwa n'icyo ngingo, kuko uwo mugwi wowo ntufise ikiringo nyezina cagenywe uherezako igikorwa.

Kubera ko ako gashirukabute kahagaritswe, abagize uwo mugwi muri rusangi, ariko cane cane abava mu gisata c'abigenga baridoga, bigaca bigorana ingene ukorana, ibikorwa bigasa n'uko vyahagaze.

Inama nshikirananganji imaze guca hirya no hino ico kibazo, yashinze ibi bikurikira :

- Uwo mugwi n'ushirweho n'itegeko ry'umushikirananganji w'ikigega ca Reta nk'uko amategeko abitegekanya;
- Nimba ako gashirukabute kahagaze kubera ibwirizwa rishinga amahera Reta ikoresha ritegekanya ko katangwa ku mirwi y'abahinga kiretse abagenywe n'itegeko ry'Umukushiranganji wa Mbere canke iry'Umukuru w'Igihugu, kazoheza gashirweho n'itegeko ry'Umushikirananganji wa Mbere.

9. Urwandiko rwerekeye ubusumbasumbane ku burusho buhabwa abakukurutse, rwashikirijwe n'umushikirananganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Reta y'Uburundi yaratanguje umugambi wo gukuraho ubusumbasumbane bw'imishahara mu buzi bwa Reta kuva muri Nzero 2016. Kubw'ivyo :

- Amahera yongerwa abakozi ku mwaka ku mwaka bivanye n'amanota baronse, uturusho twatangwa harimwo utujanye no gukukuruka twarahagaritswe kuva muri uwo mwaka nyene w'2016;
- Itegeko nshikirananganji n°570/540/60 ryo ku wa 20 Nzero 2020 ritanga akarusho gafatiye ku busumbasumbane bw'imishahara mu buzi bwa Reta rikongera rigahagarika amahera yatangwa ku mwaka ku mwaka bivuye ku manota umuntu yaronse n'utundi turusho, ryarahagaritse utwo turusho duhabwa uwukukurutse.

Uru rwandiko rero rwashikirijwe kubera abakozi b'ikigo ISABU bakukurutse basavye kuronswa utwo turusho, be rero n'abakozi bakukurutse mu mwaka w'2020 bahora bakora mu bigo vyashizwe hamwe bivyara igisata OBUHA, navyo bikaba ari nka SIP, ECOSAT, SETEMU, n'ibindi.

Inama nshikirananganji imaze guca hirya no hino urwo rwandiko, yashikirije ibi bikurikira :

- Kubera umugambi wo kugabanya ubusumbasumbane bw'imishahara urashirwa mu ngiro, n'ibwirizwa riduza agahembo kazoronswa abakukuruke bo kuva mu mwaka w'2020 rikaba rigiye kujaho vuba, itangwa ry'ako karusho ntiryokwumvikana;

- Ingingo yo guhagarika itangwa ry'ako karusho itegerezwa gushirwa mu ngiro no mu bindi bisata bikibandanya bigatanga kandi amategeko ahari abibuza.

10. Urwandiko rutanga intumbero y'itegurwa ry'amahera Reta izokoresha mu mwaka w'2022 ushira uwa 2023, rwashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Uru rwandiko ruje rwunganira urwashikirijwe mu nama nshikiranganji yo ku wa 16 Ruhuhuma 2022.

Ruratanga umuco ku bisata Reta izoshira imbere y'ibindi mu kubironsa uburyo mu mwaka w'2022 ushira uw'2023 hisunzwe intumbero z'Umugambi w'igihugu w'iterambere, be n'ibisata bitandatu Reta ishira imbere y'ibindi, ari vyo vy'ibi bikurikira :

- Uburimyi n'ubworozi
- Amagara y'abantu
- Amahinguriro
- Kugwiza akazi ku rwaruka no gushigikira ba ntahonikora
- Inyubako ziteza imbere ubutunzi n'imibano
- Gukomeza amahoro no kunywanisha Abarundi

Uburyo buzoronswa ubushikiranganji butandukanye mu mwaka w'2022 ushira uw'2023 buzofatira kuri ivyo Reta ishira imbere y'ibindi. Ahatari hake bazatangwa uburyo bungana n'ubwo bari bafise uyu mwaka canke bugabanuke, kugirango inguvu nyinshi zishirwe muri ivyo bisata bikuru bikuru.

Ku bijanye n'uburyo buziyongera, buzova ahanini :

- Ku yaziyongera ku yo ikigo OBR cari catoje uyu mwaka, angana na miliyaridi amajana atanu na zine n'igice (504,5) bivuye ku buhinga bwa none ngurukanabumenyi buzokoreshwa mu kwegeranya amahera ya Reta ;
- Ku kugabanya uburyo bwakoreshwa mu manama canke mu nganda zitandukanye, aho amahera agera ku miliyaridi cumi na zine(14) azoshobora kuziganywa.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino urwo rwandiko, yashikirije ibi bikurikira :

- Uburyo bwegeranywa n'ibisata vya Reta buragoye guharura muri iki kiringo kuko bumenyekana inyuma y'ingenekerezo rya 31 Ntwarante bahejeje kwihweza ivyaranguwe n'uburyo vyatwaye. Ariko mw'ibwirizwa

rizoshinga amahera Reta izokoresha mu mwaka w'2022 ushira uw'2023 buzoba burimwo ;

- Ku bijanye n'amashirahamwe Reta ifisemwo imitahe, Reta ija mu bagabura inyungu ;
- Uburyo buzokoresha n'amashirahamwe yegamiye Reta n'ibindi bisata vyose vya Reta, butegerezwa kuboneka mu mahera Reta ikoresha kuko yahawe umutahe na Reta. Abashikiranjanji basabwa kubukurikiranira hafi;
- Abayobozi b'ibisata canke amashirahamwe yegamiye Reta bazoshaka kunyegeza uburyo bategekanya gukoresha ku mwaka bazofatirwa ibihano ;
- Mu ntango z'umwaka, ubushikiranjanji bwose butegerezwa kwerekana aho butanguriye, umwaka urangiye naho, hagasuzumwa icyogereyeke;
- Ibisata n'amashirahamwe vyegamiye Reta bibwirizwa kwitunganya kugirango umwaka w'amafaranga utangure kuva igenekerezo rya 01 Mukakaro, urangire igenekerezo rya 30 Ruheshi, nk'uko biri muri Reta ;
- Ikibazo c'ikori ku co umuntu yinjije gitegerezwa kwigwa neza kuko hari vyinshi bidaharurwa kandi vyategerezwa kurihishwa ikori;
- Ni kuraba neza ntihagire uburyo busubira kuba impfagusa kubera butakoreshejwe, bisubiye kuba ababifisemwo uruhara bohanwa;
- Abashikiranjanji bategerezwa gukurikiranira hafi imigambi irangurirwa mu bushikiranjanji bajejwe.

Ku bijanye n'inyubakwa zitegerezwa kwubakwa na OBUHA, n'igisata kijejwe amabarabara, Umushikiranjanji ajejwe inyubako yasabwe gutegura urwandiko rwerekana uko ikibazo cifashe, aheze arushikirize inama nshikiranjanji.

11.Utuntu n'utundi

- Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu yaramenyeshije umwiherero uzoba ku magenekerezo ya 04 na 05 Ntwarante 2022, abawutumiwemwo bakaba ari abo bose bagenywe n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu. Hazokwihwezwa ibitari bike nk'ibijanye kwegereza ubutegetsi abenegihugu, intwano ibereye, utunenge twibonekeza mu buzi bwa Reta n'ibindi. Ivyo bizoheza bifashe mu gutegura igitabu c'ametegeko agenga akarangamutima k'umukozi wa Reta kuko umwe wese ategerezwa kumenya ico aba yiyemeje iyo ajejwe amabanga.
- Yaravuze kandi ikibazo c'umuzibukiro utangwa iyo itongo ryatswe umuntu rigasubizwa mu minwe ya Reta, ugasanga mu nyuma ryahawe uwundi. Yasavye ko ico kibazo cokwihwezwa neza kuko amategeko

akigenga atakija nye n'ibihe, kugirango ntikize kiratera ingorane mu bantu.

- Mu guheraheza yaravuze ibijanye n'imigenderanire y'Uburundi n'amakungu aho igitangaje hari Abarundi batahimbawe n'uko Uburundi bukweko ibihano bwari bwarafatiwe.

Yaramenyeshije ko ubu biboneka ko amakungu afise ishaka rinini ryo gukorana n'Uburundi. Asaba umwe wese kugira akigoro kugira ngo dukamishe iyo ntambwe ishimishije tugezeho.

Yaribukije ko Uburundi ari bwo buzorongora ishirahamwe ry'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubuseruko, aca amenyesha kandi ko Inama igira cumi y'Abakuru b'Ibihugu n'ama Reta bashize umukono ku masezerano y'i Addis Abeba yafashe ingingo y'uko inama igira cumi na rimwe y'abo Bakuru b'ibihugu n'ama Reta izobera mu Burundi. Yasavye rero ko umwe wese mu bimwerekereye yoba aritunganya, kugirango izotegurwe neza.

Bigiriwe i Gitega , igenekerezo rya 03 Ntwarante 2022

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba n'umuvugizi wayo

Prosper NTAHORWAMIYE